ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ҚАРАӨЗЕК РАЙОНЫ ҲӘКИМИНИҢ ШЕШИМИ

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ҚОРАЎЗАК ТУМАНИ ҲОКИМИНИНГ ҚАРОРИ

Қараөзек посёлкасы **№191** **«10» - январь 2018-жыл**

Аўыл хожалығы, жол қурылысы ҳәм мелиоратив техникаларды, машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин техникалық көриктен өткериў ҳаққында

Өзбекистан Республикасы Әдиллик министрлигинен 2013-жыл 25-апрельде 2452-саны менен дизимнен өткизилген «Аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техникаларды, сондай-ақ, машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әсбап үскенелерин техник көриктен өткериў тәртиби ҳаққында»ғы (Ўзбекистан Республикаси Қонун ҳужжатлар тўплами, 2013 й 17-сон, 229 модда) талабларынан келип шығып, район аймағында 2018-жыл аўыл хожалыгы, жол қурылысы ҳәм мелиоратив техникаларды, сондай-ақ, машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әсбап үскенелерин мажбүрий техникалық көриктен өткериў мақсетинде «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында»ғы Өзбекистан Республикасы Нызамының 6-статьясына тийкарланып

Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Н:

1.Төмендегилер:

а) Район аймағындағы аўыл хожалығы, жол қурылысы ҳәм мелиоративлик техникаларды, сондай-ақ, машина-трактор парклери, устахана ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин техникалық көриктен өткериў кестеси 1-қосымшаға;

б) аўыл хожалығы, жол қурылысы ҳәм мелиоратив техникаларды, сондай-ақ, машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин техникалық көриктен өткериў бойынша комиссия қурамы 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Техникалық көриктен өткериў бойынша комиссия ағзаларына:

мүлкшилик түриниң қандай болыўына қарамастан барлық маркадағы аўыл хожалығы, жол қурылысы ҳәм мелиоративлик техникаларды, сондай-ақ, машина-трактор парклери, устахана ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин техникалық көриктен өткериў кестесин юридикалық ҳәм физикалық шахсларға жеткериў;

мүлкшилик түриниң қандай болыўына қарамастан барлық маркадағы аўыл хожалық, жол қурылысы ҳәм мелиоратив техника қуралларын техникалық көриктен өткериў майданшаларына жыйнаў;

техникалық көриктен өткен техникаларды баянламалар тийкарында ислеўге рухсат бериўди шөлкемлестириў ўазыйпасы тапсырылсын.

3. Райондағы барлық кәрхана, шөлкем, машина-трактор парки жуўапкершилиги шекленген жәмийетлерлери, альтернатив машина-трактор парклери, фермер хожалықлары басшыларына;

есабында бар болған аўыл хожалық, жол-қурылыс ҳәм мелиоратив, техникаларды, машина, әсбап-үскенелерин техникалық көриктен өткериў ушын таярлап, белгиленген майданшаларға жыйнаў ҳәм техникалық көрикке тийисли төлемлердиң төлениўин тәмийинлеў тапсырылсын.

4. Район ҳәкиминиң биринши орынбасары (Б. Ильясов) хам район ҳәкиминиң аўыл ҳәм суў хожалығы бойынша орынбасары (С. Досбергенов) на:

райондағы кәрхана, шөлкем, машина-трактор парки жуўапкершилиги шекленген жәмийети, альтернативлик машина трактор парклери, фермер хожалықлары ҳәм пуқараларда бар болған мүлкшилик түрине қарамастан аўыл хожалығы, жол қурылыс ҳәм мелиоратив техникаларды, машина, әсбап-үскенелерин техникалық көриктен өткериў менен байланыслы болған жыйымларды төлеўге әмелдеги нызамшылыққа тийкарланып әмелий жәрдем бериў тапсырылсын.

5. Район ҳәкимлигиниң рәсмий веб-сайтында ҳәм “Мийнет байрағы” газетасында рәсмий жәриялаў район ҳәкилигиниң юрист-мәслеҳәтшиси И.Даулетмуратовқа тапсырылсын.

6. Усы шешимниң қабыл етилиўине байланыслы район ҳәкиминиң 2017-жыл 1-март күнги 128/3-санлы шешими («Мийнет байрағы» газетасы, 2017-жыл 31-март №7 (4181)) бийкар етилсин.

7. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң биринши орынбасары Б. Ильясовка хам район ҳәкиминиң аўыл ҳәм суў хожалығы бойынша орынбасары С. Досбергеновка жүкленсин.

8. Усы шешим рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Ҳәким: **Д. Утемуратов**

Қараөзек район ҳәкиминиң
2018-жыл «10» -январь
«19/1 »- санлы шешимине
2-қосымша

Аўыл хожалығы, жол қурылысы ҳәм мелиоратив техникаларды, сондай-ақ, машина-трактор парклери, устахана ҳәм сервис пунклериниң әсбап-үскенелерин техникалық көриктен өткериў бойынша комиссия курамы

Қ.Утемисов	-Қараөзек районлық мәмлекетлик техника қадағалаў инспекторы, комиссия баслығы

Комиссия ағзалары:

Ж.Даўекеев	- Қарақалпақстан «Агросервис МТП» ЖШЖ Қараөзек районы баслығы
С.Ещпанов	- Қараөзек районы аўыл хожалық кәсип-өнер колледжи механиги
Б.Тилеуимбетов	- Районлық аўыл ҳәм суў хожалығы бөлими бас қәнийгеси.

Еслетпе: Усы комиссия ағзалары басқа жумысқа өткен жағдайда орнына келген шахс комиссия ағзасы болып есапланады.

Қараөзек район әкиминің
2018- жыл «10»-январь күнги
«19/1»- санлы шешимине
1-қосымша

Район аймағындағы аўыл хожалығы, жол қурылысы ҳам мелиоратив техниканы сондай-ақ машина-трактор парклери устахана хәм сервис пунктлериниң әсбап-ускенелерин 2018-жыл техникалық көриктен өткериў ис-режеси

Т/р.	Техниканың аты	Техника маркасы	Техник көриктен өткизиў мүддети	Техник көриктен өткизиў мәнзили	Техник көриктен өткизиў сәнеси
1.	Аўыл хожалығы техникалары	Тракторлар	10 кун даўамында	Аўыл хожалығы техникалари жайлашқан аймақлардағы ММТП гаражлары	12.02.2018 й. дан 21.02.2018 й. гача
		Трактор тиркемелери	8 кун даўамында		08.08.2018 й. дан 15.08.2018 й. гача
		Салы орыў комбайнлары	10 кун даўамында		01.05.2018 й. дан 10.05.2018 й. гача
		Плуг	4 кун даўамында		05.03.2018 й. дан 08.03.2018 й. гача
		Чизель	2 кун даўамында		01.03.2018 й. дан 02.03.2018 й. гача
		Культиватор	7 кун даўамында		05.03.2018 й. дан 11.03.2018 й. гача
		Тегислегишлер	4 кун даўамында		05.03.2018 й. дан 08.03.2018 й. гача
		Тисли-тырмалар	3 кун даўамында		01.03.2018 й. дан 03.03.2018 й. гача

		Чизель	2 кун даўамында		01.03.2018 й. дан 02.03.2018 й. гача
		Культиватор	7 кун даўамында		05.03.2018 й. дан 11.03.2018 й. гача
		Мала	3 кун даўамында		01.03.2018 й. дан 03.03.2018 й. гача
		Сеялкалар	6 кун даўамында		19.02.2018 й. дан 24.02.2018 й. гача
		ОВХ лар	8 кун даўамында		12.02.2018 й. дан 19.02.2018 й. гача
		Насослар	3 кун даўамында		01.03.2018 й. дан 03.03.2018 й. гача
		Прессподборщиклер	6 кун даўамында		19.02.2018 й. дан 24.02.2018 й. гача
2.	Мелиоратив техникалар	Экскаваторлар	10 кун даўамында		01.03.2018 й. дан 10.03.2018 й. гача
		Бульдозерлер	10 кун даўамында		01.03.2018 й. дан 10.03.2018 й. гача
		Скрепер	10 кун даўамында		01.03.2018 й. дан 10.03.2018 й. гача
3.	Әсбап-ускенелер	Олшеу әсбаплары	4 кун даўамында		05.03.2018 й. дан 08.03.2018 й. гача
		металлға ислеў бериўши станоклар	4 кун даўамында		05.03.2018 й. дан 08.03.2018 й. гача
		Кепсерлеў қурылмалары	6 кун даўамында		19.02.2018 й. дан 24.02.2018 й. гача

		Электр әсбаплар	4 кун даўамында		05.03.2018 й. дан 08.03.2018 й. гача
		гидросистемалар,	6 кун даўамында		19.02.2018 й. дан 24.02.2018 й. гача
		жанылғы насослары	3 кун даўамында		01.03.2018 й. дан 03.03.2018 й. гача
		форсункалар,	8 кун даўамында		12.02.2018 й. дан 19.02.2018 й. гача
		Двигателлер	8 кун даўамында		12.02.2018 й. дан 19.02.2018 й. гача
		Басқарыў механизмлери диагностикаси ушын қурылмалар.	10 кун даўамында		01.02.2018 й. дан 10.02.2018 й. гача
		Басқарыў механизмлери диагностикаси ушын қурылмалар.	10 кун даўамында		01.02.2018 й. дан 10.02.2018 й. гача

Еслетпе: жеке меншик техникалар алып келиниўине қарап 2018 жыл 12 феврал сәнесинен 2018 жыл 17 июл сәнесине шекем МТП ЖШЖ хам АПЖ лар аймағындағы ММТП гаражларында белгиленген график бойынша откериледи